

Aplike nan lekòl presegondè!

Tout elèv klas 5^{yèm} (ak 6^{yèm} ane nan Vil Nouyòk nan lekòl ki fini nan klas 6^{yèm} ane) ka aplike nan lekòl presegondè ivè sa a. Aplikasyon lekòl presegondè a ap kòmanse semèn 10 janvye a, epi delè pou aplike a se 1^{ve} mas. Men sa pou fè, kilè!

✓ 2022 Lis bagay pou fè pou admisyon

DESANM 2021 - KÒMANSMAN JANVYE 2022

- Jwenn lèt byenveni w lan pa lapòs, nan men konseye pedagogik lekòl ou, oswa nan yon Sant byenveni pou fanmi (gade pi ba a). Lèt sa a gen ladan kòd inik pou kreyasyon kont MYSchools pitit ou a, konsa ou ka gen aksè nan kont ou an ak aplikasyon li.
- Konekte nan **MySchools.nyc** pou eksplòre opsyon lekòl presegondè pitit nou an, konnen distri w (1-32), enfòmasyon w si pitit ou a gen yon lekòl presegondè nan zòn li, epi anrejistre pwogram li pi pito.
- Tcheke sit wèb lekòl ouwa kontakte yo pou dekouvri tout aktivite anpèsòn ouwa vityèl.

JANVYE - 1^{VE} MAS, 2022

- Lè aplikasyon an kòmanse, konekte nan Myschools pou ajoute pwogram nan aplikasyon w lan.
- Si w aploike pou pwogram arts espesifik, yo ap mande pou fè yon odisyon kòm kritè admisyon— jwenn plis enfòmasyon nan **schools.nyc.gov/MSAuditions**.
- Aplike nan lekòl presegondè avan 1^{ye} mas 2022.** Nan aplikasyon pitit ou a, klase jiska 12 pwogram nan vrè lòd ou pi pito, avèk premye chwa w la kòm #1. Aplike nan youn nan fason sa yo:
 - **Sou entènèt avèk MySchools.nyc - Rekòmande!**
 - **Anpèsòn**
 - Pou elèv lekòl leta DOE/lekòl charter: Atravè konseye pedagogik lekòl pitit ou a.
 - Pou elèv lekòl prive/lekòl pawasyal: Nan yon Sant Byenveni pou Fanmi—gade pi ba a.

ME 2022

- Jwenn òf lekòl presegondè w la, ki gen ladan enfòmasyon sou lisdatant
- Ajoute pitit ou a sou lòt lisdatant (ochwa). Si pitit ou a jwenn yon òf lisdatant, pwogram la pral kontakte w dirèkteman.

MySchools.nyc

Atravè pwosesis admisyon an, itilize resous sa a pou aprann plis enfòmasyon sou lekòl presegondè. Lè peryòd aplikasyon an kòmanse, konekte nan kont ou pou bati ak voye aplikasyon w lan. Apre, w ap itilize menm kont la pou jwenn òf ou a ak jere lisdatant yo.

schools.nyc.gov/Middle

Chèche dènye nouvèl sou admisyon. Gade videyo yo pou jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan lekòl presegondè, tankou jan pou itilize MySchools ak fason elèv jwenn òf yo.

Nou la pou n ede w!

Pale avèk konseye pedagogik lekòl pitit ou a pandan pwosesis la.

schools.nyc.gov/FWC

Ou ka ale tou nan yon Sant byenveni Fanmi ouwa rele nou nan **718-935-2009** pou jwenn asistan get pèsònèl. Nou ka ede w eksplòre opsyon pou lekòl segondè yo, ale sou kont MySchools ou, epi aplike.

1. KONPRANN OPSYON W

Lè w konekte nan **MySchools.nyc**, anyè pèsonèl ou a pral montre tout opsyon (ak sèlman) opsyon kote pitit ou a ka aplike. Pwogram sa yo gen lòt kondisyon pou elijiblite:

Pwogram distri yo ka ouvri sèlman pou elèv ki abite oswa ale lekòl nan distri a, oswa elèv ki abite nan yon sektè, zòn espesifik. Pitit ou a ka aplike nan pwogram nan distri lekòl presegondè yo ak nan nan distri kote li ale nan lekòl primè a, si li diferan.

Pwogram nan Borough an ouvri pou elèv ki abite oswa ki ale lekòl nan menm borough ak lekòl la. Si paegzanp, pitit ou a abite nan Brooklyn, li elijib pou aplike pou lekòl presegondè ki pou tout borough a.

Pwogram nan tout Vil la ouvri pou tout elèv ki abite nan Vil Nouyòk.

2. KONNEN CHANS OU

MIZAJOU | SISPPANN EVALYASYON. Jan nou te fè pou elèv k ap antre nan Lekòl Presegondè an otòn 2021, Depatman Edikasyon pral kontinye kanpe evalyasyon an pou aplikan yo ane sa a pou antre nan Lekòl Presegondè an otòn 2022 a. Sa a vle yo pa pral admèt okenn elèv nan Lekòl Presegondè sou baz dosye akademik li. Pito, yo pral fè òf pwogram evalyasyon sa yo jan yo te fè yo ane pase a, sou baz faktè plizyè lekòl presegondè deja itilize (yo site pi ba a). Yo sisppann evalyasyon an paske mezi ekitab pou evalye aplikan yo pa disponib ankò.

Kat faktè admisyon sa yo ka ede w konprann pi byen chans pitit ou a pou chak pwogram.

Chwa pwogram ou genyen

Chwa pwogram ou ajoute nan aplikasyon w lan ak lòd ou mete yo a enpòtan anpil!

- Apre ou fin mete pwogram ou pi pito yo sou lis, konsidere aprann ak ajoute plis opsyon nan aplikasyon w lan. Aplike nan plis pwogram pa pral afekte chans pitit ou a jwenn yon pi bon chwa.
- Pa gen pi bon estrateji pase mete pwogram yo nan yon bon jan lòd preferans! Lekòl yo pa pral konnen si w te mete yo an premye oswa an dènye chwa a. Yo pral toujou konsidere w pou premye chwa a anpremye; si w pa jwenn yon òf la a, y ap konsidere w pou pwogram dezyèm chwa a tankou si li te pou premye chwa a, etc.

Plas ki disponib nan chak pwogram

Kantite plas disponib varye suivan pwogram la.

- Pou rezon admisyon sèlman, tout pwogram yo rezève plas ak pran elèv nan de gwoup yo: elèv edikasyon jeneral (education students, GE) ak elèv ki gen andikap (students with disabilities, SWD.) Aplikasyon w lan pral endike GE oswa SWD.
- Kantite **aplikan pa plas** nan yon pwogram (yo afiche nan MySchools) ede montre nan ki pwen pwogram lan te ye ane pase. Pwogram ki gen gwo demand gen anpil aplikasyon pase plas disponib, ki vle di pi piti chans pou jwenn yon òf. Si w aplike nan pwogram ki gen gwo demand, aplike tou nan kèk pwogram ki gen mwens aplikasyon pa plas.

Gwoup priyorite chak pwogram

Kèk pwogram itilize tou priyorite pou admisyon, sa vle di yo admèt gwoup espesifik aplikasyon avan lòt yo.

- Si gen plis aplikasyon nan yon pwogram pase plas ki disponib, pwogram la ap admèt aplikasyon nan lòd gwoup priyorite: yo konsidere tout aplikasyon nan gwoup priyorite 1 pou òf avan tout aplikasyon nan priyorite gwoup 2 epi yo kontinye konsa.
- Kèk lekòl presegondè itilize Divèsite nan priyorite admisyon: pou yon pòsyon plas, yo bay priyorite pou gwoup espesifik aplikasyon, tankou elèv ki soti nan fanmi ki gen revni ba, ki abite nan lojman tanporè, oswa ki se elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL).
- Chèche tout gwoup **priyorite pwogram** nan paj MySchools. Konekte pou gade nan ki priyorite pitit ou a ye nan chak pwogram. Aplike nan kèk pwogram kote pitit ou a gen priyorite gwoup 1: oswa w site yon pwogram an premye oswa an dènye, pitit ou a ap rete an priyorite pou ale ladan.

Metòd admisyon pou chak pwogram

Kèk pwogram bayòf nan diferan fason. Pou tout pwogram, yo bay chak aplikasyon yon nimewo oaza, tankou yon konpitè, tankou nan yon lotri.

- Pwogram lekòl Presegondè itilize youn nan metòd admisyon sa yo:
- **Ouvè.** Lè gen plis aplikasyon pase plas nan yon pwogram, yo itilize nimewo oaza sa yo (anndan gwoup priyorite) pou wè kiyès k ap jwenn òf nan yon pwogram dabò, ak nan ki lòd.
 - **Sektè zòn oswa lòt pwogram k ap kontinye.** Pou kèk pwogram, yo admèt elèv an fonksyon zòn lekòl presegondè yo abite oswa si yo se yon elèv k ap kontinye.
 - **MIZAJOU | Odision.** Ane sa a, pwogram ki baze sou art pral otorize pou fè odision aplikasyon vityèlman. Konfòmman avèk sisppann evalyasyon an, yo pa pral itilize okenn enfòmasyon akademik oswa tès pou pran elèv nan pwogram sa yo.